

KHUTBAH JUM'AT

STOP POLITIK UANG

PEMILU HARUS JUJUR DAN ADIL

**WEDNESDAY
FEBRUARI 14**

**LANGSUNG
UMUM**

BEBAS

RAHASIA

PERANG LUMAWAN POLITIK UANG

Dening : Mukhlisin Purnomo

Penyuluh Agama Islam KUA Wates

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَظِيمِ الْعَطَاءِ، الْوَاهِبِ الْمُتَفَضِّلِ عَلَى عِبَادِهِ بِنِعْمَةِ الْأَنْبَاءِ، سُبْحَانَهُ أَمَرَ
بِتَرْبِيَّتِهِمْ وَرِعَايَتِهِمْ كَيْ يَكُونُوا أَنْتَقِيَاءَ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ،
وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ وَصَفِيُّهُ وَخَلِيلُهُ. خَيْرَ نَبِيِّ أَرْسَلَهُ. أَرْسَلَهُ اللَّهُ إِلَى الْعَالَمِ
كُلِّهِ بَشِيرًا وَنَذِيرًا. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ
صَلَاةً وَسَلَامًا دَائِمِينَ مُتَلَازِمِينَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. أَمَّا بَعْدُ فَإِنِّي أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى
اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ:

Jamaah Jum'at rahimakumullah

Sumangga kita dherekaken tansah ningkataken iman lan taqwa kita dhumateng Allah SWT kanthi nindakaken dhawuh-dhawuhipun lan nebihi sedaya awisanipun supados kita kalebet kawulanipun ingkang tansah nampi kabegjan Donya tuwin akhiratipun.

Jamaah Jum'at asbakumullah

Ing saben Pemilu dipun gelar, Masyarakat Indonesia ingkang gadhahi hak pilih badhe nemtokaken pilihan politikipun ing gelaran Pilkada utawi Pemilu. Saben tiyang gadhah pangajap supados Pilkada dan Pemilu saged dumugekaken reribahan tumuju dhateng ancas ingkang langkung sae lan antuk kaberkahan tumrapping sedaya masyarakat. Kangge mujudaken asil pemilu kados ingkang dipun ajap, dipun perlokaken kupiya supados pemilu saged lumampah kanthi jujur lan adil, tebih saking tumindak culika (curang) kadosta politik uang, kampanye hitam (politisasi SARA lan ujaran kebencian), mobilisasi PNS, ngginakaken saranan pendidikan lan ibadah kangge kampanye, dol tinuku suara lan sanes-sanesipun.

Saking mawerni-werni tumindak awon kasebat, kita namung badhe ngaturaken bebayingan praktek money politik sahingga kita sami

anggadhazi kawigatosan kados pundi caranipun lampah nistha punika saged kita brastha lan sumingkir. Lampah awon punika sayektosipun kalebet kalebet reruba (*ar-risywah*) ingkang dipun awisi dening agami. Pakarti reruba inggih menika: masrahaken satunggaling barang, janji utawi menapa kemawon dhateng satunggaling tiyang supados piyambakipun damel katetepan ingkang nguntungaken dhateng ingkang masrahaken barang kalawau. Reruba ugi kaprah dipun sebat: sogokan utawi besel. Allah sampun paring pepenget:

وَلَا تَأْكُلُوا أَمْوَالَكُمْ بَيْنَكُمْ بِالْبَاطِلِ وَتُدْلُوا بِهَا إِلَى الْحُكَّامِ لِتَأْكُلُوا فَرِيقًا مِّنْ أَمْوَالِ النَّاسِ بِالْإِثْمِ وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ

"Lan sira aja padha mangan bandhane kancanira kalawan batal, lan sira aja padha menehi besel kalawan bandha mau marang pangadilan, kang pamrihe supaya sira oleh pangan sabageyan bandhaning liyan sarana tumindak dosa, ing mangka sira kabeh padha ngerti. (QS.al-Baqarah:188).

Ayat kasebat mratelakaken haramipun mendhet bandhanipun tiyang sanes kanthi cara ingkang bathil, sae punika kanthi colong jupuk, ngrampok, ngapusi, tumindak culika,, kalebet ugi korupsi, sogok, lan besel . nabi Muhammad bendhu sanget dhateng lampah kasebat:

لَعَنَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ الرَّاشِيَّ وَالْمُرْتَشِيَّ فِي الْحُكْمِ

"Rasulullah ngelaknat aweh reruba lan wong kang nampa reruba ing masalah hukum"

Jamaah Jum'at ingkang minulya

Wonten ing Pemilu mesthinipun saben tiyang, sae punika pemilih utawi tiyang ingkang badhe dipun pilih kedah nengenakan pakarti jujur lan adil. Tiyang punika kersa milih tiyang minangka wakil ing pamarintahan kedah adedhasar keyakinan manahipin, kanthi tanggung jawab dhateng masyarakatipun ugi dhateng Pangeran. Ananging kasunyatanipun kathah pemilih boten mangertosi rekam-jejak pribadi ingkang badhe dipun pilih, sae punika kualitas ilmu lan pamawasipun, kabisan ing babagan kapemimpinanipun, saha salah bawanipun.

Kawontenan punika anjalari tiyang anggenipun milih calon pemimpin kanthi serampangan, nemtokaken pilihan namun adedhasar “wani pira? antuk apa? sepinten agenge besel, janji utawi iming-iming ingkang nguntungaken dhateng pribadhi utawi golonganipun piyambak. Lajeng lumampah: sapa sing kuat bandhane sing bakal menang. Satemah pemimpin utawi wakil rakyat ingkang kapilih boten nggadahi kawasisan ingkang mumpuni. Ing kamangka nabi sampun ngejutaken

إِذَا وُسِّدَ الْأَمْرُ إِلَىٰ غَيْرِ أَهْلِهِ فَانْتَظِرِ السَّاعَةَ

“nalikane perkara diserahake marang wong kang ora duweni kabisa, mangka entenana dumadine kiamat” (HR. Bukhari)

Jamaah Jum’at ingkang minulnya

Lampah money politics ing pemilu boten badhe dumugekaken manfaat dan kasaenan tumrap sinten mawon. Money politik namung murugaken dhateng kanisthan lan karisakan, ing antawisipun:

1. Tiyang ingkang nampi reruba anggenipun milih boten adedhasar prinsip keadilan lan kajujura. Awit wontenipun reruba menika njalari tiyang ingkang gadhah kasagedan kangge satunggaling pakaryan badhe kasisih dening tiyang ingkang artanipun kathah lan wantun nyogok. Satemah tiyang ingkang kapilih malah tiyang-tiyang ingkang kasagedanipun kirang. Kanthi makaten ateges wonten pihak-pihak ingkang dipun dzalimi lan nandhang kapitunan awit kasempatanipun kapunggel.
2. Tiyang ingkang sampun nindakaken lampah sogok lan reruba tamtu sampun ngedalaken banda ingkang kathah. Amargi sampun rumaos medal kathah mesthipun nalika sampun kapilih dados pemimpin ugi nggadahi pangajap antuk gantos kanggge nomboki arta ingkang sampun kawedalaken, lan nggadahi kupiya kados pundi saged wangsul modalipun, sahingga wantun ngrampas hak-hakipun rakyat kanthi lampah ingkang nerak ing paugeran, kadosta korupsi lan tumindak culika sanesipun.

Jamaah Jum’at rahimakumullah

Tetela bilih money politik punika tumindak awon lan mungkar ingkang kedah dipun brastha saha lan dipun singkiri. Saben warga Negara Indonesia sageda nindakaken dhawuh *amar ma'ruf* awujud pengawasan dhateng proses pemilu supados saged katindakan adedhasar cara ingkang gumatok. Wondene nindakaken dhawuh *nahi munkar* inggih lumantar pencegahan lan kersa nglapuraken menawi manggihi praktek money dhateng Bawaslu. *Amar ma'ruf nahi munkar* punika minangka ikhtiyar sesarengan kangge mujudaken pemilu ingkang jujur lan adil ing pangajab mugiya kareken ibadah dhateng Allah.

وَلْتَكُنْ مِنْكُمْ أُمَّةٌ يَدْعُونَ إِلَى الْخَيْرِ وَيَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ

"*anaa sagolongan saka sira kabeh (bebadan) kang ngajak-ajak marang kabecikan padha parentah tindak kabecikan, lan nyegah laku ala, wong kang kaya mangkono mau wong-wong kang padha begja* (QS. Ali Imran:104)

Pramila menika, politik uang kedah dipun lawan sesarengan, lan kampanye anti politik uang kedah dipun surung malih, sarta pirantos pengawasan kedah langkung ketat anggenipun ngawasi politik uang kasebat. Sampun ngantos ajuning bangsa kita punika namung dipun gadhekaken kaliyan arta ingkang namung sepintena. Kita taksih mbetahahaken pemimpin ingkang pinitados (*amanah*), ingkang anggadhahi tanggung jawab nglajengaken Pembangunan, pemimpin ingkang nggatosaken lan nengenaken dhateng kepentingan bangsa lan negara.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِالْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. إِنَّهُ تَعَالَى جَوَادٌ كَرِيمٌ مَلِكٌ بَرٌّ رَؤُوفٌ رَحِيمٌ.

KHUTBAH II

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَ الْحَمْدُ لِلَّهِ ثُمَّ الْحَمْدُ لِلَّهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ،
وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الَّذِي لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا
مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا
النَّاسُ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ
وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ
صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ
وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. اللَّهُمَّ اذْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْقُرُونَ
وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتَنِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَن بَلَدِنَا إِنْدُونِيسِيَا
خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًّا وَارزُقْنَا
اتِّبَاعَهُ وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً
وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ
وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ